# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क सतवां अउर आखिरी फेरा क तेरह संसदीय सीटिनि बदे राजनीतिक दलन क सीनियर नेता चुनाव परचार तेज कइ दिहले हवें। ई सीटि हइनि–महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर अउर राबर्ट्सगंज। येह सज्जो सीटिनि पर एक जून के ओट परी।

भारतीय जनता पारटी क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु घोसी, बलिया, सलेमपुर अउर बांसगांव लोकसभा क्षेत्र के ओम्मेदवारन के पक्ष में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि देस क जनता बढ़ियां नीयति अउर नीतियन के नाते तिसरी बेरि भाजपा–एनडीए क सरकार बनवले क फैसिला कइ लिहले हौ। देस समझि गइल हौ कि आईएनडीआई गठबंधन साम्प्रदायिक अउर जातिवादी हौ। उहां के दावा कइलीं कि जहवां ऊ देस क गरीब, दलित अउर पिछड़ा लोगिन बदे समरपित हईं ओहीं, समाजवादी पारटी अउर कांग्रेस खाली अपने ओटबैंक बदे समरपित हौ।

प्रदेस क मुख्यमंत्री अउर भाजपा क सीनियर नेता योगी आदित्यनाथ अपने सम्बोधन में कहलें कि हमार सौभाग्य हौ कि हम प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में एगो नया भारत देखि रहल हईं। ई नया भारत वैस्विक सक्ति बनले के ओरि आगे बढ़ि रहल हौ। उहां के कहलीं कि पछिला दस बरिस में भारत क सीमा ढेर सुरक्षित भइल हौ। अखिल भारतीय कांग्रेस कमेटी क मीडिया चेयरमैन पवन खेड़ा इंडी गठबंधन क ओम्मेदवार अजय राय के केन्द्रीय चुनाव कार्यालय पर पत्रकार लोगिन से बातचीत कइलें। उहां के आरोप लगवलीं कि भाजपा सरकार किसानन क परेसान कइ दिहले हौ कि ओन्हें आत्महत्या करे के पड़ि रहल हौ। उहां के दोवा कइलीं कि जो त उनके गठबंधन क सरकार आई त किसानन क करजा माफ करहें अउर न्यूनतम समरथन मूल्य के ले के कानून बनइहें।

सपा मुखिया अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव बलिया अउर सलेमपुर में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के दावा कइलीं कि इंडी गठबंधन क पच्छिम से जीति क बेयारि चललि हौ अउर छठवां फेरा क भइल मतदान में भारतीय जनता पारटी क सफाई हो चुकल हौ। उहां के आरोप लगवलीं कि भाजपा संविधान बदलि के आरक्षण हटावल चाहति हौ। प्रदेस क लोगि संविधान बदले वालन के बदले जा रहल हवें। सपा क सीनियर नेता शिवपाल यादव आजु घोसी लोकसभा क्षेत्र में पारटी ओम्मेदवार के पक्ष में चुनाव परचार कइलें।

**********

लोकसभा चुनाव के आखिरि फेरा में ढ़ेरि से ढ़ेरि मतदान बदे कई तरह क अनुठा कोसिस कइल जा रहल हौ। येही कड़ी में कुशीनगर क जिला निर्वाचन अधिकारी उमेश मिश्रा निमंत्रण कार्ड के जरिए मतदाता लोगिन के ओट डारे बदे आमंत्रित कइ रहल हवे। ओहीं चन्दौली जिला के बलुआ में गंगा के किनारे काल्हि संझा सैंड आर्टिस्टों बालू क कलाकृति बना के मतदान के महातम क सनेसा दिहलस अउर लोगिन से अपने मताधिकार क प्रयोग कइले क अपीलि कइलस।

**********

अजोध्या क श्रीराम जन्मभूमि परिसर के कुबेर टीला पर रामायण के समय क पौधा लगावल जाई। ई जानकारी श्रीराम मंदिर निर्माण समीति क अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्र दिहलें। उहां के बतवलि कि येह पौधन के लेके लखनऊ क नेशनल बॉटेनिकल गार्डेन सोध कइल चुकल हौ। रामायण में एक सौ पचास से बेसि पौधन क उल्लेख हौ अउर येही पौधन में से चुनि के पौधा लगावल जाई। उहां के बतउलि कि ट्रस्ट क कोसिस हौ कि राम मंदिर के साथे–साथ परिसर में बनि रहल अउरियों मंदिरों क सरधालुअन के दरसन करावल जाए। परिसर के सातो मंदिर क निरमाण कार सितंबर ले पूरा हो जाई। उहां के सरधालुअन से अपीलि कइलि कि राम मंदिर दरसन के साथे साथ कुबेरों टीला के ओरि जरूर जाए।

**********

पूर्वांचल स्कूल्स वेलफेयर एसोसिएसन के तत्वावधान में बनारस जिला में सिक्षा के साथे सशक्तिकरण–बेहतर कल के लिये शिक्षण बिसय पर आजु एगो सम्मेलन क आयोजन कइल गइल। भारत सरकार क बिदेस मंत्री एस. जयशंकर एके सम्बोधित करत कहलें कि वसुधैव कुटुम्बकम क भावना के साथे हम पूरा विस्व क कल्याण कइ सके लीं। उहां के देस क विकास में स्कूल अउर सिक्षक के भूमिका पर पुरहर रोसनी डरलें।

**********

शाहजहांपुर जिला के खुटार थान्हा इलाका के लखीमपुर गोला रोड पर बीतलि राति सड़कि हादसा में ट्रक अउर बस के निच्चे दबल सज्जो सरधालुअन के निकारि लिहल गइल हौ। येह दुरघटना में कुलि इग्यारह लोगिन क मउति हो गइल जबकि दस सरधालु गम्हिराहे घाही हो गइलें। सीतापुर जिला क रहे वाला ई सज्जो सरधालु एगो बस में बइठि के उत्तराखण्ड में मां पूर्णागिरी के दरसन बदे जात रहलें। सरधालुअन के खाना खाये बदे बस के एगो ढाबा पर खड़ा कइल गइल रहे कि एगो तेज रफ्तार मोरंग–गिट्टी से भरल ट्रक बस के टक्कर मारत पलटि गइल जेहमें दरजन भर यात्री बस अउर ट्रक के निच्चे दबि गइलें। शाहजहांपुर क पुलिस अधीक्षक अशोक कुमार मीणा बतवलें कि ट्रक अउर बस के निच्चे दबल सज्जो सरधालुअन के निकारि के गम्हिराहे घाही लोगिन के इलाज बदे मेडिकल कॉलेज में भरती करावल गइल हौ। जिलाधिकारी उमेश प्रताप सिंह मृतकन अउर घाही लोगिन के संख्या क पुस्टि करत बतवलें कि सासन अउर प्रसासन मृतकन अउर घाही लोगिन के परिवार वालन के हर सम्भव आरथिक मददि दीहल जाई।

**********